



Department of Environmental Protection

One Winter Street Boston, MA 02108 • 617-292-5500

Charles D. Baker
Gouvènè

Karyn E. Polito
Gouvènè Adjwen

Kathleen A. Theoharides
Sekretè

Martin Suuberg
Komisè

Eta de Massachusetts Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal

AVI POU SEYANS PIBLIK

Avi pou Seyans Piblik sa a disponib nan lòt lang (Español -- Tiếng Việt -- 中文 -- Kreyòl Ayisyen -- Português) sou sit entènèt MassDEP la nan: <https://www.mass.gov/service-details/massdep-public-hearings-comment-opportunities>

Dapre MGL c. 111, s. 150A, Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal Massachusetts la ap pwopoze amannman règleman pou 310 CMR 19.000. Amanman sa yo ta modifye règleman sou entèdiksyon fatra ki nan 310 CMR 19.000 epi ajoute matla ak twal kòm materyèl ki entèdi pou moun jete, epi bese limit entèdiksyon fatra materyèl òganik komèsyal ki deja egziste (materyèl manje) konsa li aplike a antite ki jenere yon demi (½) ton oswa plis nan fatra òganik pou jete chak semèn (limit aktyèl la se ton pa semèn). MassDEP ap pwo[poze chanjman nan Dokiman Direktiv pou Entèdiksyon Fatra li tou, ke yo pral fè piblik pou kòmantè ansanm ak chanjman nan règleman ki pwopoze yo.

Yon tèks sou règleman ak yon dokiman orijin disponib ansanm ak yon kopi Avi pou Seyans Piblik sou sit entènèt MassDEP la sou: <https://www.mass.gov/service-details/massdep-public-hearings-comment-opportunities>

Dapre Dekrè Gouvènè Charles D. Baker ki Sispann Sèten Pwovizyon nan Lwa sou Reyinyon Piblik la, G.L. c. 30A, s. 20, date 12 mas 2020, de seyans piblik pral fèt an liy ak sou telefòn. Seyans piblik yo pral fèt nan dat ak lè sa yo:

Lendi 9 Novanm 6:00 PM

Enskri davans pou reyinyon sa a:

<https://zoom.us/meeting/register/tJAvf-uspzggG9aY3yfbjTaiYfJHrHtDGhCN>

Jedi 12 Novanm 10:00 AM

Enskri davans pou reyinyon sa a:

<https://zoom.us/meeting/register/tJwkd-6gpjoqEtR52Ef-wm77xTiVbXRICYme>

Tanpri rejwenn seyans piblik la nan konpyitè w, tablèt ou oswa smartphone ou. Epi tou ou kapab rele nan telefòn w.

Moun gen dwa prezante temwayaj aloral ak/oswa alekri nan seyans piblik yo. Nou pral aksepte temwayaj alekri jiska 5:00 PM 4 Desanm 2020. Fòk ou soumèt kòmantè alekri pa imèl bay dep.swmp@mass.gov oswa pa lapòs bay John Fischer, MassDEP, One Winter Street, Boston, MA 02108.

Pou akomodasyon espesyal pou seyans sa yo, tanpri rele Biwo Divèsite MassDEP la nan 617-292-5751. TTY# Sèvis MassRelay 1-800-439-2370. Enfòmasyon sa a disponib nan yon fòm altènatif sou demann.

MassDEP founi aksè lengwistik pa sèvis entèprèt/tradiksyon pou moun ki gen metriz limite nan lang anglè yo gratis. Si w bezwen yon entèprèt pou w patisipe nan reyinyon sa a, ou ka jwenn sèvis tradiksyon nan lyen swivi a: <https://www.mass.gov/info-details/massdep-language-translation-assistance>.

Pa Dekrè Depatman Pwoteksyon Anviwònman la Protection
Martin Suuberg
Komisè